



Student (Elèv):

Class(salklas):

Grade(Klas):

School (Lekòl):

Chè Paran/Fanmi :

Nou gen fyète pou nou sèvi ansanm ak ou ak *Link ARIS* pou paran an. *Link ARIS* pou paran an se yon nouvo zouti sou Entènèt k ap ede w jwenn enfòmasyon ou bezwen sou pwogrè akademik pitit ou a. Nan *Link ARIS* pou paran an w ap kapab gade enfòmasyon detaye sou pitit ou-tankou enfòmasyon sou prezans, nòt li fè pou kou yo ak nòt nan egzamen leta yo ak nan evalyasyon li fè nan klas li. W ap kapab konnen tou kòman yo konpare lekòl pitit ou ye a avèk lòt lekòl nan vil Nouyòk.

Pou w gade enfòmasyon sou pitit ou a nan *Link ARIS* pou paran an :

Ouvri sesyon sou Entènèt la nan www.ARISParentLink.org

ID elèv la Akòz rezon sekirite, nou pa ka mete enfòmasyon sa a nan menm lèt ki gen *password* tanporè pitit ou a Lekòl pitit ou ye a ap voye ba w lakay ou yon lòt lèt ki gen ID pitit ou a. Si w deja konnen ID pitit ou a, ou ka itilize l pou ouvri sesyon an.

* **Password tanporè** : (Ou ka ale wè koòdonatè paran lekòl pitit ou a pou l ka ba w *password* la.)

Konsènan Password ou a : Premye fwa ou ouvri sesyon sou Entènèt la, y ap mande w pou w kreye yon *password* pèmanan, epi pou w retni adrès imèl ou. Si jamè ou ta bliye *password* ou, yo ka voye yon nouvo *password* ba w nan adrès imèl ou itilize lè w t ap enskri w sou sistèm la.

E si mwen bezwen yon adrès imèl ? Ou ka kreye yon adrès imèl gratis nan Gmail, Hotmail, oswa Yahoo.

E si mwen bezwen jwenn yon konpitè ? Ale nan bibliyotèk piblik ki pi pre bò lakay ou a. W ap bezwen enskri w pou w gen yon kat bibliyotèk, epi apre sa w ap kapab itilize konpitè ki gen aksè sou Entènèt gratis. Ou ka mande lekòl pitit ou ye a tou si yo gen konpitè ou ka itilize.

E si m bezwen plis èd ? Si w bezwen plis èd, kontakte koòdonatè paran lekòl pitit ou ye a. Li ka ede w ouvri sesyon an nan *Link ARIS* pou paran an, epi li ka ede w jwenn yon repons pou kesyon ou genyen sou nouvo sistèm sa a. Telefone 311 si w bezwen konnen biwo kote koòdonatè paran lekòl pitit ou a ye.

* Yo te kreye *password* sa a nan dat 14 avril 2009. Si w te deja ouvri sesyon sou *Link ARIS* pou paran an, *password* tanporè sa a pa p mache. Si w bezwen yon nouvo *password* tanporè, yo ka ba w yonn nan lekòl pitit ou a. Mande koòdonatè paran lekòl pitit ou ye a pou l ede w.

Ak senserite,

Joel I. Klein, Chanselye.